

Politik ak Pwosedri Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

Sijè: APARANS PESONEL	Anplwaye ki Afekte yo: TOUT	Politik # HREW	Rev. 7
---------------------------------	---------------------------------------	--------------------------	------------------

OBJEKTIF

Objektif politik sa a se pou bay direktiv pou abiman ak pwòpte pou asire aparans pwofesyonèl anplwaye li yo sou yon baz koyeran.

POLITIK

Cleveland Clinic rekonèt enpòtans aparans pwofesyonèl anplwaye li yo nan kenbe yon atmosfè k ap pwodui livrezon sèvis swen sante kalite. Pou ankouraje yon atmosfè konsa, nou atann anplwaye yo abiye nan yon fason ki apwopriye ak travay y ap fè a. Administrasyon an responsab pou aplikasyon l men tou rezève tèt li dwa pou detèmine sa ki vle di yon abiman apwopriye.


SIPEVIZYON AK RESPONSABLITE

Resous Zimèn responsab pou devlopman ak revizyon politik sa a; administratè ak sipèvizè yo responsab pou konseye anplwaye yo sou abiman travay ki apwopriye ak pou aplikasyon epi ranfòsman politik lan nan depatman yo.

APLIKASYON POLITIK LAN

Direktiv Jeneral yo

- A. Koup cheve, bijou, makiyaj ak longè zong ta dwe chwazi nan fason apwopriye pou atenn yon aparans pwofesyonèl ki kredib. Pou gason bab yo dwe byen trete.
- B. Ba yo ta dwe gen yon koulè net tankou koulè po, nwa, gri, oswa koulè ini opak oswa transparan. Nou ka mete chosèt sèlman si gen pantalon ki kouvri yo.
- C. Soulye yo ta dwe apwopriye parapò ak travay k ap fèt la. Estil akseptab gen ladan oksfòd, soulye plat, mokasen, oswa soulye ki gen yon talon modere. Kèk depatman gendwa pèmèt soulye atletik ak inifòm.
- D. Nan zòn sa yo kote anplwaye yo ap fè mouvman oswa egzèsis terapi, yo ka mete soulye atletik ak chemiz espò. Nan sityasyon kote anplwaye yo ap patisipe nan rekreyasyon oswa aktivite atletik ak pasyan yo, depatman yo gendwa pèmèt sivètman, kostim djogin, oswa rad pou mache.
- E. Zong natirèl yo ta dwe kout epi gen vèni, si ou genyen yo, yo pa gendwa ap dekale epi yi ta dwe toujou gen yon koulè fondamantal pou bay yon imaj pwofesyonèl. Anplwaye ki responsab swen dirèk pou pasyan oswa k ap jere responsablite manje gendwa pa gen fo zong (egzanp zong akrilik, anvlòp, jèl).
- F. Rad Biznis Enfòmèl gendwa genyen kaki ak yon mayo polo (san logo founisè sof Cleveland Clinic), blezè, pantalon long, jip ak mayo, elatriye. Djins ak materyèl twal djins pa akseptab. Administratè depatman yo pral detèmine si epi kilè rad biznis enfòmèl yo apwopriye.
- G. Tatou yo dwe kouvri pandan lè travay yo. Bijou ki nan pati kò ki pèse yo pa dwe vizib eksepte nan zòrèy. Ou pa gen dwa mete plis pase de pè zanno nan chak zòrèy.
- H. Depatman yo gendwa aplike politik yo, defini lòt nòm abiman ak pwòpte parapò ak travay ki

Dat Efektif: 03/12/2007 02/01/2013	Dat Piblikasyon: 10/1977	Moun ki Prepare li a: Jill Patterson	Apwobasyon:  J. Patrnochak	1 sou 3
---	------------------------------------	--	---	---------

Politik ak Pwosedi Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

Sijè: APARANS PESONEL	Anplwaye ki Afekte yo: TOUT	Politik # HREW	Rev. 7
---------------------------------	---------------------------------------	--------------------------	------------------

genyen nan zòn yo a epi yo pral responsab pou detèmine si anplwaye yo ap obeyi ak nòm abiman ak pwòpte yo.

- I. Kontraktè ak founisè ki gen woutin vini nan lokal Cleveland Clinic yo ta dwe jwenn enfòmasyon sou atant pou yo konfòme yo ak nòm Cleveland Clinic yo nan fason pou abiye ak pwòpte yo.
- J. Cleveland Clinic pral fè aranjman rezonab pou abiman oswa pwòpte ki dirèkteman anrapò ak relijyon, etnisite, oswa andikap anplwaye yo sof si aranjman sa yo reprezante yon risk pou sekirite oswa sante endividi a oswa lòt moun.

Anplwaye ak Inifòm


Anplwaye k ap travay nan yon zòn, depatman oswa fonkson ki gen yon egzijans inifòm espesifik gen obligasyon pou mete inifòm nan, pandan l ap travay, nan konfòmite ak politik inifòm depatman oswa zòn patikilye sa a. Desizyon anrapò ak dispozisyon ak ranplasman inifòm yo ak depans ki asosye ak anplwaye a pral depann de depatman an.

- A. Anplwaye yo ki resevwa inifòm oswa lòt rad nan men Cleveland Clinic gen responsablite pou tout rad yo ba yo epi y ap peye an pou nenpòt rad yo detwi nan neglijan, yo rann ki pa ka mete ankò, ki pèdi, yo vòlè oswa ki tounen lè yo transfere yo nan yon depatman oswa yo revoke yo.
 1. Anplwaye Cleveland Clinic bay inifòm ta dwe mete yo sèlman pandan lè travay yo pou travay espesifik y ap fè a, eksepte nan depatman kote yo gen otorizasyon pou mete inifòm Cleveland Clinic bay lan pandan y ap deplase ale oswa soti nan travay.
 2. Anplwaye ki resevwa inifòm oswa lòt rad nan men Cleveland Clinic gen responsablite pou kenbe yo pwòp, prese yo epi repara yo.
 3. Depatman Sèvis Swen Tekstil lan (Textile Care Services Department) pral fè antretyen nan inifòm yo pou zòn sa yo, jan Komite Kontwòl Enfeksyon (Infection Control Committee) a te idantifye sa a, ak yon gwo nivo ekspozisyon ak likid kòporèl.
- B. Anplwaye ki fè pwòp inifòm yo gen obligasyon pou al travay ak yon inifòm ki pwòp, prese nan bon kondisyon dapre politik inifòm depatman an.
- C. Anplwaye ta dwe met chapo ak lòt bagay moun met nan tèt si yo fè pati inifòm ki apwouve a.

Anplwaye San Inifòm yo

Anplwaye k ap travay nan zòn oswa depatman ki pa genyen yon egzijans inifòm espesifik ta dwe abiye nan yon fason pwofesyonèl ki apwopriye ak travay k ap fèt la epi konfòm ak bezwen biznis domèn nan.

- A. Egzanp abiman ki apwopriye yo pwòp, san tach, jip san pli, kostim, wòb, pantalon, blouz, chemiz, mayo, tèt vès, manto ak mayo kou long. Wòb oswa jip yo dwe ase long. Nou ankouraje gason yo pou yo mete kravats sof si li reprezante yon danje pou sekirite.
- B. Egzanp rad ki p apwopriye yo revelatè, kout, pran fòm kò, blaze, oswa rad transparan, mayo, (sèl si li fè pati yon inifòm ki apwouve), sivètman, rad djogin, mayo san manch, chòt, djins, rad

Dat Efektif: 03/12/2007 02/01/2013	Dat Piblikasyon: 10/1977	Moun ki Prepare li a: Jill Patterson	Apwobasyon:  J. Patrnochak	2 sou 3
---	------------------------------------	--	---	---------

Politik ak Pwosedi Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

Sijè: APARANS PESONEL	Anplwaye ki Afekte yo: TOUT	Politik # HREW	Rev. 7
---------------------------------	---------------------------------------	--------------------------	------------------

djin nenpòt koulè, kolan, bagi, salopèt, sandal, fant zòtèy, ba ak desen oswa filè epi chemiz lonbrit deyò.

Jeneralite


- A. Anplwaye a ta dwe mete Badj Idantifikasyon li pi wo pase tay li ak foto Idantifikasyon anki bay fas deyò.
- B. Nou atann nou tout anplwaye yo gen bon liyèn pèsònèl.
- C. Lopital la rekonèt ekspozisyon ak gwo sant epi pafen nan anviwònman an gendwa ofanse lòt moun. Pou rezon sa a, nou ankouraje itilizasyon pafen, kolòy, ak lòt pwodui santi bon ki gen sant sibtil.
- D. Enkapasite pou koube devan nòm abiman ak pwòpte sa yo ka debouche sou aksyon korektif.

BIWO K AP PIBLIYE A

Relasyon Anplwaye, Resous Zimèn

REFERANS POLITIK LA

Aksyon Korektif
BADJ IDANTIFIKASYON

Dat Efektif: 03/12/2007 02/01/2013	Dat Piblikasyon: 10/1977	Moun ki Prepare li a: Jill Patterson	Apwobasyon:  J. Patrnochak	3 sou 3
---	------------------------------------	--	---	---------